



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE BRASRI NEW YORK YO POU PI GWO ONÈ YO NAN  
GWO FESTIVAL BYÈ AMERIKEN AN**

***Brasri Capital Region, Mohawk Valley, Mid-Hudson, ak Long Island yo Ranpòte  
Meday Lò nan Kat Kategori***

***Pi Gwo Kantite Meday Lò Ke Brasri New York Yo Te Ranpòte Depi 2002***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te felisite jodi a kat brasri bwason New York yo ki te ranpòte resamman pi gwo onè yo nan yonn nan konpetisyon pou pi bon byè nasyon an, ki se Gwo Festival Byè Ameriken (Great American Beer Festival). Ane sa, Adirondack Pub and Brewery, Brewery Ommegang, Broken Bow Brewery, ak Great South Bay Brewery yo chak te pote lakay yo yon meday lò. Se pi gwo kantite meday lò ke brasri New York yo te ranpòte depi 2002.

“New York se lakay kèk nan pi bon brasri nan mond lan yo ki, jan konpetisyon sa demontre li, yo pa enferyè a pèsòn,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Felisitasyon a venkè yo ane sa, ki rann nou fyè epi ki se lidè nan yon endistri k’ap fleri epi ki ap kreye travay, ogmante touris epi jenere aktivite ekonomik nan chak kwen nan eta sa.”

35yèm Gwo Festival Byè Ameriken an (Great American Beer Festival), ki te òganize nan Colorado soti 6 – 8 Oktòb, li te atire yon foul 60,000 moun, epi li te gen ladan prèske 1,800 brasri ki soti nan chak eta ak Distrik Columbia. Nan 30yèm konpetisyon byè anyèl festival la, gen plis pase 7,000 byè ki te patisipe nan 96 kategori. Patipasyon yo te jije pa yon panèl ekspè ki reprezante 12 peyi, ki enkli Etazini. Yo te desène yon total 286 meday, an plis de twa meday nan konpetisyon Gwo Festival Byè Ameriken Pro-Am (Great American Beer Festival Pro-Am) lan.

**Medaye Lò Eta New York 2016 yo gen ladan yo:**

**Capital Region – Adirondack Pub and Brewery, Lake George**

Meday lò nan kategori byè asid bwa ak barik rasi poutèt Sour Project Ale li an – ki se yon byè asid modèl Bèlj rasi nan barik Pinot Noir yo epi ki fèmante ak divès mous.

**Mohawk Valley – Brewery Ommegang, Cooperstown**

Meday lò nan kategori Witbier modèl Bèlj poutèt Witte Ale li an – ki se yon byè “blan” Bèlj tradisyonèl ki fèmante ak ble, po zoranj ak koryann ki moulen ak sa ki pa moulen.

### **Mid-Hudson Region – Broken Bow Brewery, Tuckahoe**

Meday lò nan kategori Strong Specialty Ale modèl Bèlj poutèt Old Split-foot li an – ki se yon byè Bèlj rich ki gen yon gou konplèks fwi ki melanje, myèl ak jiwòf.

### **Long Island – Great South Bay Brewery, Bay Shore**

Brasri fèm lan te ranpòte yon meday lò nan kategori byè myèl poutèt Jetty Cream Ale li an – ki se yon byè ki rich a mwaye epi ki lejè tou, kwoustiyan epi swa.

Byè Eta New York yo te ranpòte 149 meday depi lè konpetisyon an te kòmanse. Ane pase, brasri New York yo te pote lakay yo de (2) meday lò ak twa (3) meday ajan poutèt yon byè blond oswa pal modèl Bèlj, yon byè sezon ete modèl Anglè, byè nwa ekspòtasyon, byè nwa enperyal ak byè espesyalite.

**Richard Ball, ki se Komisè Mache ak Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture & Markets), te deklare,** “Rezilta konpetisyon ane sa se yon ekzanp ekstraòdinè de ekselans ak divèsite brasri New York yo atravè eta a. Mwen fyè de chak nan brasri venkè sa yo epi mwen felisite yo pou devouman yo nan bon jan kalite. Gras a Gouvènè Cuomo ak Kò Lejislatif Eta a, pwodiktè bwason fabrike Eta New York yo ap fonksyone ak ti restriksyon piti, mwens obstak, ak plis opòtinite ke anvan. Sa ap ede ankouraje konpetisyon ak inovasyon nan endistri a, sa ki ap kreye plis opsyon pou konsomatè yo epi ede pwodiktè nou yo devlope biznis yo.”

**Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Empire State Development, te deklare,** “Pwodiksyon bwason fabrike nan New York ap pwospere sou lidèchip Gouvènè Cuomo, ki te travay di pou kiltive epi pwomouvwa endistri a. Mwen felisite brasri sa yo pou angajman yo nan pwodwi fabrike ak pwodwi klas mondyal yo an yo, ki se yon gwo ekzanp de bwason fabrike ekstraòdinè yo ke Eta New York gen pou ofri.”

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare,** “Angajman Gouvènè Cuomo nan endistri bwason fabrike an se te yon eleman kle nan kwasans ak reyisit brasri dinamik yo atravè eta a. Nan travay ansanm, Gouvènè an te ede elimine baryè yo epi kreye nouvel opòtinite pou pwodiktè sa yo kapab konstwi biznis yo epi kreye pwodwi bon jan kalite yo. Mwen felisite tout venkè New York yo nan Gwo Festival Byè Ameriken an (Great American Beer Festival), ki non sèlman pwodwi byè klas mondyal yo, men tou te fè yon enpak enòm sou ekonomi New York lan.”

**Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare,** “Gwo Festival Byè Ameriken an (Great American Beer Festival) an se yonn nan festival byè ki pi respekte nan mond lan, epi lefèt ke brasri Eta New York yo te pote lakay yo tout meday lò sa yo, sa demontre senpleman kijan kalite byè nan eta sa ap vin pi bon de jou an jou. Sa se yon konpetisyon klas mondyal epi nou pa te ka pi kontan pou sa Eta New York te fè ane sa.”

An Oktòb, Gouvènè Cuomo te òganize katriyèm somè ki konsantre sou endistri bwason an pou enditifye mwayen pou favorize touris atravè eta a epi kontinye fè avanse

kwasans san presedan pou endistri fabrik bwason New York lan. Kòm yon rezilta chanjman yo ki te kòmanse ak premye Somè Byè ak Diven (Wine and Beer Summit) Gouvènè a an 2012, kantite lisans mikwobrasri yo nan New York te ogmante soti 40 pou rive 154, epi kantite lisans brasri restoran yo te ogmante soti 10 pou rive 36 jodi a. Genyen kounye a brasri ki nan 53 sou 62 konte eta yo, ki enkli 132 brasri fèm yo ki ap itilize engredyan ki kiltive nan New York yo. An jeneral, endistri bwason fabrike an li responsab pou yon enpak ekonomik anyèl \$3.5 milya.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418